



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRYPHON SENSORS TE DEVLOPE YON SISTÈM
REPERAJ AVÈK DWÒN INIK**

***Sistèm Mobile Skylight la ap Etabli yon Nouvo Estanda nan
Sistèm Sekirite Dwòn lan yo***

***Pwojè a se yon Eleman Santral inisyativ “Central NY Rising” lan – ki se Estrateji
Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Gryphon Sensors, ki fè pati konpayi SRC Inc. lan ki baze nan New York Santral la, te devlope yon sistèm mobil pou Jesyon Sikilasyon Telegide yo (Unmanned Traffic Management, UTM) rele *Mobile Skylight*. Devlopman an ap ajoute sou investisman eta ap fè nan endistri Sistèm Ayeryen Telegide (Unmanned Aerial Systems, UAS) rejyon an yo. Mwa Dout dènye a, Gouvènè a te anonse yon angajman 5 milyon dola atravè Inisyativ Revitalizasyon nan Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative) pou sipòte endistri UAS la nan rejyon New York Santral la, sa k ap kontinye ranfòse efò k ap fèt pou kreye yon sant rejyonal pou inovasyon ak manifakti nan sektè UAS a yo. Nan yon konvansyon UTM ki te fèt nan Syracuse an Novanm dènye a, Gouvènè a te anonse yon investisman 30 milyon dola adisyonèl y ap itilize pou devlope yon sistèm jesyon sikilasyon sou yon longè vòl ki mezire 80 kilomèt ant Syracuse ak Ayewopò Entanasyon Griffiss la (Griffiss International Airport) nan Rome.

“Lè nou investi nan teknoloji modèn depwent demen an yo, nou ap asire New York rete alatèt inovasyon ak endistri teknoloji avanse yo toupatou atravè peyi a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk nouvo devlopman sa a, rejyon an pral plis garanti wòl li tankou yon lidè nasyonal nan zafè teknoloji dwòn lan yo, sa k ap ede estimile kreyasyon djòb ak aktivite ekonomik - k ap ede New York Santral kontinye pwogrese pou anpil jenerasyon k ap vini ankò.”

Sistèm *Mobile Skylight* la ap etabli yon nouvo estanda nan sistèm sekirite dwòn lan yo ak jesyon sikilasyon ak UAS yo. Sistèm lan ap gen yon bann seri sansè miltiespektral otonòm, l ap founi deteksyon tridimansyonèl UAS piti k ap vole ba nan yon distans 10 kilomèt yo. *Mobile Skylight* la chita anndan yon ti bis elegan konpak solid, epi se yon sant kòmand konplè ki gen kapasite 4x4 ki ka mache andeyò wout fèt yo epi moun ka

ale avèl nenpòt kote san yo pa bezwen genyen lisans komèsyal pou yo kondi l. Yo konsepsyon l pou yo ka deplwaye l rapid pou plizyè seri itilizasyon ki gen ladan estad, evènman sekirite espesyal yo, operasyon premye sekouris ak operasyon rechèch ak sovtaaj yo, enspeksyon enfrastrikti a ak itilite yo.

“Revelasyon sistèm jesyon avyon telegide Gryphon Sensor lan ki se premye sistèm konsa nan peyi a, pral souliye New York Santral chita nan yon pozisyon pou l vin yon lidè mondyal nan domèn UTM lan”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te bay yon diskou pandan yo t ap fè anons lan jodi a, te di.** “Avèk kreyasyon koridò dwòn lan, konpetisyon Genius NY (Jeni New York) la, ak aliyman biznis ak enstitisyon akademik yo atravè ‘Central New York Rising’ lan nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a, nou ap konstwi yon gwoup endistri teknoloji avanse epi n ap prepare mendèv lokal la bezwen pou mentni kwasans lan rive alavni.”

“Nou kontan anpil pou nou entwodwi *Mobile Skylight*, ki se tout premye Jesyon Sikilasyon UAS mobil operasyonèl ak sistèm sekirite dwòn nan peyi a”, **Anthony Albanese, Prezidan, Gryphon Sensors la te di.** “Sistèm lan ap ofri yon adaptabilite ak siveyans atravè mwayen ayeryen san parèy k ap pèmèt operasyon sekirite ak komèsyal UAS ki rele Odela Liy Vizyèl Je a nan koridò vòl UAS inik Eta a.”

Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te di, “Gran investisman eta ap fè nan endistri Sistèm Ayeryen Telegide a ap garanti New York rete yon lidè nan teknoloji inovatè yo, k ap pran rasin yo epi devlope nan rejyon New York Santral la.”

Investisman 35 milyon dola eta te fè a deja ap devlope endistri UAS la atravè estrateji yo dekri nan plan Central NY Rising lan. Sa k’ap sipòte jefò sa se prezans enpòtan fim ayewospasyal rejyonal yo, tankou Saab, Lockheed Martin, ak SRC, ansanm ak atou rejyonal yo, tankou Alyans NUAIR ki ap jere yon lokal FAA chwazi pou teste Sistèm Ayeryen Telegide yo.

Enstitisyon edikatif yo, tankou Syracuse University la ak Mohawk Valley Community College a, ap òganize pwogram fòmasyon ak efò rechèch sou bezwen k ap devlope nan sektè sa a yo. Eta New York la ap esponsorize Dezyèm Faz pwogram GENIUS NY la; ki se youn nan pi gwo pwogram akseleratè biznis nan mond lan – ki ap satisfè bezwen pwopozisyon biznis nan kategori Sistèm Telegide ak Done pou Aplikasyon Desizyon yo, sa ki pral rasanble ansanm kèk nan jèn konpayi ki pi pwometè yo pou ede prepare avni New York Santral.

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “Jodi a nou kontinye wè enpak ekonomik gran investisman eta nou ap fè yo gen sou rejyon nou an, avèk endistri teknoloji avanse yo k ap pran mezi pou yo pwofite de gran potansyèl pou kwasans nou gen pou nou ofri nan rejyon Mohawk Valley a. Plis nou kapitalize sou tout atou eksepsyonèl sa yo ki deja egziste toupatou atravè rejyon New York Santral la, plis elan nou pral genyen pou nou atire plis patenarya biznis ki pral kreye djòb, ranfòse ekonomi lokal nou an yo epi plis mete nou nan yon pozisyon kote nou ka pwofite de avni nou omaksimòm”.

Senatè David J. Valesky te deklare, “Pwomès Gouvènè Cuomo te fè pou l envesti nan rejyon New York Santral la te ede Gryphon Sensors vin yon lidè nan endistri Sistèm Ayeryen Telegide yo k ap devlope nan rejyon an, ansanm ak kreye nouvo opòtinite pou mendèv lokal la epi ogmante devlopman ekonomik”.

Manm Asanble Al Stirpe te di, “Lè nou travay ansanm epi n ap vanse anvè yon direksyon, rejyon nou an ap vin tounen yon sant enpòtan pou endistri sistèm ayeryen telegide k ap boujonnen an. Bèl anons jodi a se yon bon egzanp k ap montre plizyè inovasyon k ap fèt isit la nan Gryphon Sensors ak toupatou atravè rejyon New York Santral la”.

Manm asanble Anthony Brindisi te deklare, “New York Santral ak Mohawk Valley te sant inovasyon depi de santènè, epi rejyon sa ap trase chemen an yon lòt fwa ankò nan manifakti, rechèch ak devlopman nan Endistri Sistèm Ayeryen Telegide yo. Gras a kolaborasyon k ap fèt isit la, ak investisman yo te fè nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss la, endistri a prè pou yo vole wo. Travay k ap fè isit la pral pote nouvo djòb byen peye ak biznis derive yo, avèk patisipasyon endistri prive a, ak kèk nan gran inivèsite ki gen nan rejyon nou an yo”.

Egzekitif Konte Onondaga Joanie Mahoney te di, “Angajman Gouvènè Cuomo ak Eta New York la pran enpòtan anpil pou rejyon an. Endistri sa a k ap devlope a se eleman santral plan CNY Rising la k ap travay pou devlope ekonomi rejyonal la. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske l ap fè sa li te pwomèt l ap fè yo epi paske l ap sipòte estrateji ak inisyativ k ap devlope isit la onivo lokal yo. Konpayi tankou Gryphon Sensors ap ede trase chemen an pou etabli rejyon New York Santral la kòm yon sant global pou endistri Sistèm Ayeryen Telegide a yo”.

Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente, Jr., te deklare, “Sistèm Mobile Skylight lan se yon lòt etap enpòtan nan devlopman koridò ant Ayewopò Entanasyonal Griffiss la ak Syracuse sa k ap simante rejyon Mohawk Valley ak New York Santral la yo kòm sant rejyonal pou inovasyon ak manifakti UAS yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou investisman sa a k ap plis ranfòse sit tès UAS nan Griffiss la kòm yon atou nasyonal inik k ap diferansye yo”.

Ko-prezidan Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyon New York Santral la (Central New York Regional Economic Development Council) Robert Simpson, ki se Prezidan ak PDG CenterState la ak Doktè Danielle Laraque-Arena, ki se Prezidan, Sant Medikal inivèsite Rejyon Nò an (Upstate University Medical Center) te deklare, “Lansman sistèm UTM mobil Gryphon lan se yon gwo pa anvè efò n ap fè pou rann rejyon nou an vin tounen yon kote ki gen 80 kilomèt koridò operasyon UTM ki pi laj ak pi global nan peyi a, sa k ap pèmèt pwochè evolisyon avyasyon sivil telegide yo pran pye. L ap ekspeze tou atou, resous ak kapabilite rejyon an genyen yo - avèk anpil espesyalite ki la deja onivo sektè prive a ak potansyèl pou yo atire nouvo biznis, djòb, ak devlope endistri sa plis ankò”.

Larry Brinker, Prezidan ak PDG Pwovizwa, NUAIR Alliance lan te di, “Nou fyè pou nou fè pati estrateji global pou nou ranfòse pozisyon lidè global New York Santral la ak Mohawk Valley a okipe nan sektè sistèm telegide a yo, epi fè patenarya pou nou fè vanse sistèm ak teknoloji ki enpòtan anpil nan kad entegrasyon UAS yo nan espas ayeryen komèsyal peyi a. Avèk kapasite agrandi sa yo, rejyon an nan yon bèl pozisyon pou l kaptire yon pati nan 140 milya dola mache global sektè sa genyen an”.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou inite *Mobile Skylight* la [klike la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou GENIUS NY, [klike la](#).

Akselere Central NY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè “Central NY Rising”, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Eta a deja investi prèske 3 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè “Central NY Rising” an ak yon envèstisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418